ALIH AKSARA

Hal 1

1. // Nuhonni janji hing nguni / sakrampungé panedak hing serat kajawékkaké / hing sala ya tembayat / wonten turunan nira / mrih hing tembé turun nipun / saged mangertos sejarah //
2. // Wiwitan ningkang agami / islam anéng nusantara / hing jawi gantya gamané / ratu islam kang …. [tidak terbaca] san Bintara Demak praja / hanyebarken hagama gung / saking Jeng Nabi Muhkamat //
3. // Sampun kaparing hing widi / pra kawula suyud samya / ganti tata agamané / limang wektu …. [tidak terbaca] nembah / mring gusti rasul allah / saréngat islam satuhu / linakonan kanthi iklas //
4. // Kéh pra wali kang linuwih / hambabar agama islam / gambuh gusti kawulané / sabda la …. [tidak terbaca] gusti nira / hanemahi sanyata / saking gaib kang satuhu / hana tan kena sinélak //
5. // Wulangan hagama suci / manungsa kang mandep hana / mertobat marang hurippé / madhep mantep pangéran / sesembahan panyata / ya guru satuhu nipun / kang mulang muruk pepadhang //
6. // Héling dén héling sejati / piwuling sejati / piwulang becik dén rasa / linakonan sarwi héklas / sé … [tidak terbaca] hiku satuhu pepadhang / hurip raga sadarma / kamulyan pinedya terus / run-temurun nemu mulya //satuhu pepadhang / hurip raga sadarma / kamulyan pinedya terus / run-temurun nemu mulya //
7. // Sasi sura rebo legi / kawiwitan nedhak serat / wit pecareman huniné / mrih …. [tidak terbaca] tinemahhan / hangsal hapura mulya / sokur kénging kanggé tutur / nak putu kang huning ….. [tidak terbca] //
8. // Januwari wulan néki / tahun siji sanga huga / pitu-pitu panulissé / kanthi héklas kangpanyata / tan pamrih dén hanggeppa / hiku wajibbing sadulur / katresnan kang wus kawedar //

9. // Kadang kang kula busananni / mugi hawét kang seduluran / dadya kekuwan tembé …. [tidak terbaca] dados patuladhan / nak putu kang tetanya / negah lenggah hing sadulur / kang tinemu ….. [tidak terbaca]
10. // Semanten hatur hudanni / hing rahos kawula / hanedhak serat hasliné / hingkang sampun kasalinan / tulis jawi dipurwa / saking hasli harab bipun / kang kapundhi hadhigena //

Hal 2

ASMARADANA

1. // Mangkana kang manggung branti / nyipe hanéng pegagan / hanéng gubug panggoné / sedalu natas rahina / saminggu hora ngucap / haribet tyassé sang bagus / mung sang dyah kang kacipta //
2. // Punakawanné satunggil / tumut tan betah hing nglapa / nulya pamit hing gustiné / mantuk mring wisma panggya / lan dyan raka ….. [tidak terbaca] / matur mring kusuman ningrum / sedalu tan hanéndra //
3. // Lan radén datab habukti / hatengga hanéng pegagan / sedalu tan hangsal saré / yata ki hageng miharsa / prapta …. [tidak terbaca] tur rira / ngandika mring putra nipun / nini sira kang kirimma //
4. // Kakang ngira dénga mulih / sawengi tunggu pegagan / pesthi prihatinné / sira dhéwé hangirima / marang hing kakang ngira / dén sedhep hing kadang sepuh / hika gaganti ning wang //
5. // sang dyah nulya gegoréngi / ginelak dénnira bethak / pan wus mateng mangkat halon / hangirim marang pegagan / hing ngiring kang pawongan / sekawan wahu kang tumut / bekta ….. [tidak terbaca] lawan guling //
6. // Kang sawiji gawa kendi / lan ….. [tidak terbaca] wadhah dhaharan / tan winarna lampahé / wus prapténg pegagan / panggih lan kang raka / samya lenggah hanéng gubug / sang retna nulya ngandika //

7. // Kakang halérénna dhingin / menék kuwé sesarapan / mengko tumadang hamangké / dyan jaka sampun halenggah / sumangga Dyah Kasiyan / sarwi nyekel hastan nipun / kinipatken mring sang retna //
8. // Sang dyah hangling semu runtik / haranmu nyekel tangan / dén prasaja lungguhé / kang kapesem wingcana / kaléru haran ningwang / hingsun harsa nyekel gelung / kalah nyekel hasta //
9. // Yayi haja sira runtik / nadyan hingsun hanyekela / hing hastané kadang hanom / kadang tuwa wis winenang / hingsun ganti ning bapa / wenang hemban géndhong hingsun / Manawa yén sira mula //
10. // Haja sira runtik gusti / tulussa hasih mring kadang / bener sarira mangko / kang sami kekirim hingwang / sedulur pan karipan / hanéng gubug hora turu / hakéh lemut hamemongsa //

Hal 3

1. // Sang retna lilih hing galih / glis medalken kang kiriman / sekul jangan lan hulammé / wus ….. [tidak terbaca] ngarsa radyan / nulya wijik dyan jaka / sarya hangling radén bagus / yayi payo sareng dhahar //
2. // Dyan Kasiyan hanurutti / nulya wijik tumut dhahar / hangleganni hing galihhé / nanging dyan tan hangarah / nuruti brantan nira / génya dhahar dén dedangu / ngepel sega pakerettan //
3. // Hapa kasereten bukti / kepel tinutul kena sang dyah / kena kang kiwa pipiné / sang dyah kagyat mapan dhahar / radén dhahar kepelan / pan sarwi suka gumuyu / maring seret sun hadhahar //
4. // Dyah Kasiyan lintang runtik / miring tumingal mring radian / saya sanés grahitané / basakena kakang hemas / jaréné kadang tuwa / déné nutula pipin ningsun / kaya wong mendem weragan //
5. // Pantes dudukanang yekti / déné nutul pipining wang / lir nutul pipi bojoné / pan sang pélag ngaku kadang / polahé hangalunthang / sun tuturken raman ningsun / dijaluk gulonnira //

6. // Sang dyah hasru dénya nglirik / ki jaka hawas tumingal / yén sang dyah sanget runtikké / harsa ……. [tidak terbaca] kusuma / sang dyah déning …… [tidak terbaca] medal saking gubug lumayu / laju mantuk tilar rowang //
7. // Pawongan kalih tut wuri / tumut mantuk gusti nnira / dyan jaka getun manahé / kawangu ….. [tidak tercatat] retna / getun hing polah hira / tan wandé sang dyah tutur / mring sang maha pandhita //
8. // Dyan jaka tan sahé mulih / mérang maring hingkang rama / pawongan wus kinén mulihé / dhaharan sami tinilaran / wuwusen sang dyah kang mantuk / prapta marak hingkang rama //
9. // Matur wewadul hanangis / hatur hipun pegat-pegat / peksa ginugu ramané / hing purwa prapténg wusana / haturé sang kusuma / kang rama mésem hamuwus / nini haja ngrodah manah //
10. // Nurutta hujar kang becik / wruhan nira nini sira / Ki Jaka hika yektiné / dudu kadang ngira / hika putraning nata / raja putra majalangu / hangéngér marang sira //
11. // Pantes bahé lamun wani / lawan ta hing kakang ngira / lamun Peteng putréng rajéng / pira-pira nini sira / hanaké dhumatapa / kinarsan putran ning ratu / sasat sira krama déwa //
12. // Hakramaha sira nini / lawan ta hing kakang ngira / lamu[n] …… [putus]
13. // Lan kesahé lamun wani / hangugu nyakarang sira / jer wis lawas hanéng kéné / ngenténni ….. [tidak terbaca] nira / mangké sira wus lawas / wus diwasa putra ningsun / sedhengé mawi ya krama //

Hal 4

1. // Kramaha sira nini / lawan ta hing kakang ngira / lamun peteng putréng rajéng / pira-pira nini sira / hanakké dhudha tapa / kinarsan putranning ratu / sasat sira krama déwa //

2. // Sang retna méndel tan nangis / hosikking manah mangkana / kadingalem huwong kahé / sembrana hawarah hana / powus holéh paréntah / katujuné cangkem mingsun / nora clathu nyanyah nyunyah //
3. // Kang rama waskithéng galih / hangeriti putra nira / dinuka marang semuné / menengé semu grahita / tumungkul nyorék lemah / sarya nguthik jempol lan kuku / tandhané purun hakrama //
4. // Kuneng kang tinari krama / hucapen wahu dyan putra / tinimbalan hing ramané / wus prapténg munggwéng hing ngarsa / ki hageng haris nabda / Lembu Peteng putran ningsun / sun titip mring rabén nira //
5. //Haywa ta kepareng tebah / harinira Ni Kasihyan / prayoga karyanén bojo / ning dén sabar kaki sira / hakrama maksih bocah / maksih banget dénya blilu / dyan jaka nuwun tur sembah //
6. // Sanget nuwun sang mayekti / kula pinaringan jimat / mustika retna wikatot / dados mustikaning gesang / donya tekéng ngakérat / ki hageng suka tyas sipun / ming catur rira ki jaka //
7. // Nulya ki hageng nimbali / marang kulawargan nira / sami kinén hasesahos / ponang tratak tetuwuhan / lan kinén hamemajang / haglis tumandang sedarum / samekta kang pepajangan //
8. // Pan lajeng midadaréni / kumegeng kang pepajangan / lir swargan hasring tinon / kumutug kukusing menyan / winor kukussing merang / ketan wulung kukus hipun / kinarya ngundang kang garwa //
9. // Sang kusuma Nawangsasi / tan dangu tumulya prapta / manggihi marang putrané / kusuma Rara Kahsiyan / tumuli pinahésan / penganggoné hadi murub / busana saking kayangan //
10. // Gandané hamrik hamingir / sang dyah tambah hayunnira / kadya murcaya pandulon / gawok kang samya tumingal / para rara kasihyan déné Tanana kang weruh / génira salin busana //
11. // Sawus sira dén pahési / kusuma rara kasihyan / pinasrahaken ramané / mojar Déwi Na …. [tidak terbaca] lan ramanné marénnana / lah ….. [tidak terbaca] kawung kanggé hanak dika //

12. // Handika panggihken nuli / hayoming samanta dika / yén wus panggih hingsun muléh / ki hageng halon wacana / yayi hingsun ngadhep sira / mulihya hamomong putramu / sun lawas nganti marang sira //
13. // Mojar Déwi Nawangsasi / hapan hingsun datan kena / yén tunggallé manungsané / luhung silih kang manias / kena tangga lan hing wang / kang raka nuli hamuwus / ya hingsun mélu marang sira //

Hal 5

1. // Kang garwa nahuri haris / gih bénjang kawula bekta / yén wis momong hing putuné / hembuh tekang rinasan / lah pundi mantu ning wang / hucapen wahu sang bagus / hapan sampun rinesikan //
2. // Binusanan hadi luwih / hinganggo raja kaputran / kencana retna pan habyor / muncar-muncar kang ngujala / dasar bagus hutama / karengga busana murub / lir kumajaya kamanungsan //
3. // Lir kumajaya lan ratih / kang mulat samya kasmaran / wusana nira radén / ngandika marang ngayunan / prapta ngandhap taratak / sang dyah metukaken gupuh / kinanthi mring hibu rama //
4. // Ki Hageng ngandika haris / mring kang putra radén jaka / lah pondhongen putranning ngong / gawanen munggah mring tilam / rahadén hawot sekar / nulya pinondhong dyah hayu / binekta minggah hing tilam //
5. // Sadaya wus tata linggih / hatak hingkang pra pawongan / sami manggihi temantén / nulya …. [tidak terbaca] krama medal / sawis lebih kawratan / bojakrama nira hagung / hakéh hingkang kulaworga //
6. // Pengantén jajar halinggih / lir Ratih lan Kamajaya / kang mulat bronta hanylemong / bangun turut dyah kangyan / kinén sareng padaha / lan kakungé radén bagus / sang dyah tan lenggah néng ngarsa //

7. // Dhasar wus wanuh rumiyin / mulané tan mawi mérang / hamung ngenténni hajabbé / wus tita kang bojakrama / mundur berkat sadaya / Nawangsasi pamit mantuk / papandulon nuli sirna //
8. // Ki Hageng kinarya bridhi / hangiwa marang langgar / tansah hamuji hyang manon / tulussa kang putra Kenya / dénnira palakrama / hinggala peputra kakung / kinahotta hing sesame //
9. // Dyah Kasihyan semu kingkin / mirsa semuné kang rama / kasmaran marang hibuné / méndel datan ngandika / hanéng jinem raras / kang raka tansah hangimur / dasar bagus hing hasmara //
10. // Dhuh sekar sira gusti / sekar déwa handarus marga / kang huwit hemas gula rugan / kang patra suwasa mulya / pernapa mirah séla / kang pentil inten jumerut / baya wohé dadi dika //
11. // Lembu Peteng kang duwénni / kinarya jimating gesang / wong hayu gén kula ngéngér / kang hasih ….. [tidak terbaca] haja tanggung mas mirah / hamipil wong kawlas hayun / pun kakang hangéstu pada //
12. // Sang dyah ngliring sarwi hangling / gandes temen yén wicara / sajagat tan hanna loro / hujaré ngaku …. [tidak terbaca] sun kirim nyekel tangan / weruh lamun gadebus / ngirim sun mongsa gelema //
13. // Kakungé mésem ngarassi / sang dyah méngo nyengkah jaja / sinambut tangkis tanoléh / pinangka sang dyah lelasan / héngah-hangéh kusuma / gelung lukar layén mawut / kringet mijil haturasan //

Hal 6

1. // Tangéh rengganing ngaresmi / sinabut samar karasa / pinunggel …… [tidak terbaca] / pan hasih hapala krama / lami datan winarna / tilam kaworan dyah hayu / hing sedhengé papasihan //

2. // Nengna kang pulang saresmi / gantya ingkang kawuwusa / hing Palémbang winirahos / sang dipati Harya Damar / lintang mukti wibawa / sugih garwa donya sunu / garwané hingkang pangarsa //
3. // Tarima nira sang ngaji / Brawijaya Majalengka / putri wadon kang wus bobot / bobot lagya pitung condra / hamimpi hamangga wulan / marma binuwang mring ratu / Manawa ngrebut nagara //
4. // Tinrimakken sang dipati / winelang maring sang nata / yén déréng babar putrané / tan kalilan katunggilan / carem haja sumbada / hing mangké wus babar kakung / warna bagus tur prawira //
5. // Radén Patah kang wewangi / hambekké ngulama retna / belaba hasih dasihé / sahatur kang ….. [tidak terbaca] hing krama / Tanana rengattira / mingy ayah hasih hangun turut / sahujaré hibu rama //
6. // Kang hibu tinutur malih / mungkas sampun hapatutan / lan Dipati Palémbangé / hinggih katutur prawira / gagah prakosaséng yuda / Radén Timbal wastan nipun / sama gengé lan kang raka //
7. // Radén Patah langkung hasih / maring rayi Radén Timbal / tan montra sanés ramané / pan kadya tunggil sayayah / kang rayi nutting raka / sami ngahos karep ngélmu / ngaji sastra jawa harab //
8. // Kekalih limpatting galih / hasedep putus hing haksara / kang rama lega manahé / putra kekalihnya raharja / samya tinimbalan / mring kang rama kalih hipun / wus munggwéng ngarsa dipatya //
9. // Sang dipati ngandika ris / hanggé Patah tuturring wang / lah hinggonen tutur ring ngong / haja tungkul ngolah hastra / ngarah kawibawan / sandhanga kang beja kulup / hing Palémbang magang ngana //
10. // Lamunna gawan sayekti / mring sang nata majalengka / hiku marsiksa hing ngeréh / mring sagung para dipatya / hing sabrang miwah jawa / Patah jatin nipun / putrané Sri Brawijaya //

11. // Marma dadi putra mami / katut marang hibu nira / tinrimakken marang hing ngong / lagi bobot pitung condra / ngimpi mangku wulan / mula tinrimakken hingsun / salaminé ngandut sira //
12. // Hasring kémpi mring sang haji / hibu nira pan katingal / hamangku rembulan gedhé / saben wengi pan mangkana / kwatiré sri naréndra / yén sira hing hakirripun / wis tuwa dadi naléndra //
13. // Sabab putraning narpati / hing tembé ngrebut negara / hangalahken hing putrané / kang bakal gumantya nata / hanéng hing majalengka / ………. [tidak terbaca] / kang medal garwa pangarsa //

Hal 7

1. // Yaw is beja ningsun kaki / kudu darbé putra sira / ya sira sun gadhang tembé / genténana prabon ningwang / mengkuwa hing palémbang / jer sira putra ngong sepuh / mung sun titip harinira //
2. // Lamun datan hantuk kang sih / marang kangjeng sri naréndra / hari nira kaki radén / wajib sira ngingo[nna] hatma timbale jinawan / dén hidhep hing hanom mipun / putra kalih sareng nembah //
3. // Dyan Patah grahiténg galih / ngrahos wiji yén binuwang / marang rama jeng sang katong / pinupu rama plémbang / nahan panalangsa nira / dhumateng hyang maha luhur / datan krasa darbé jiwa //
4. // Mung kétang sihé dipati / paran gon sun hamalessa / déné momong selawassé / ….. [tidak terbaca] d déréng binabar / malah tekéng diwasa / hing mangkya hasung pituduh / rahadén datan lenggana //
5. // Rahadyan tumulya pamit / hagantya mangaras pada / sinangonan putra roro / sotyakna dinar dirham / marang hing hibu nira / hemban papat hatut pungkur / wong kalih dasané …. [tidak terbaca] //

PANGKUR

1. // Dyan kalih sampun luwaran / saking plémbang nitih bahita kuning / wong kalih dasa kang tumut / samya hanak dipatya / sampun layar hing marga datan winuwus / lepas lampah hira radyan / palémbang sampun kawingking/
2. // Prapta tanah pulo jawa / radian kalh nulya mentas pasisir / hing Cerbon sampun kapanggih Pangéran Modang / radén kalih tinakénan karsa nipun / pan sami matur huninga yén harsa mring majapahit //
3. // Pangéran Modang waskitha / lamun Radén Patah badhé nerpati / radén sinemon wor nyuwun kanthiya puruhita / marang islam hagemmé wong dadi ratu / radén nyuwun hatur rira / hing semu suwaléng galih //
4. // Sedalu hanéng jro pura / radén kalih pangéran langkung hasih / hakathah hing wangsit tipun / nedyahaken kadang / yata hénjing radén kalih pamit sampun / kalih samya sinangonan / gya mijil saking jro puri //
5. // Radyan laju lampah hira / duka semana nrajang wana wukir / wong kalih dasa tut pungkur / wus lepas lampah hira / langkung wana hing roban wastané dhusun / wana gung kalintang gawat / drubiksa kéh ngadhang margi //
6. // Hawerit kagila-gila / wana roban hakeh dhemit ngadang margi / hakathah panggodha nipun / nulya wonten wong begal / pan sekawan hangadang hing marga hagung / hanguwuh kang lagya liwat / hangadang-ngadangi marga //

Hal 8 [sudah pada hal 1 email Naskah I]

Hal 9

1. // Siyang dalu haja pegat / pamintan nira sang widhi / marang murba hing sira / déné hingkang kaping kalih / sagungé para wali / pintanen

pandonga nipun / dén asih guru nira / turuten wulanging gami / guru huga gegantin nira rama nira //

2. // Lawan malih hamintaha / betuwah pusaka aji / mring ramanta Kalijaga / kang wus hantuk sihhing widhi / lawan mintaha malih / pangéstu ramanta hulun / sang dipati palémbang / lintang sih mring sira kaki / ya hanggepen lantaranné hurippira //
3. // Sang dipati matur nembah / kelangkung terang hing galih / génnira tampi piwulang / kathah kerasa hing galih / lintang nuhun kang sih / mring rama sang maha wiku / sedalu harerasan / yata kawarnaha hénjing / sang dipati nuwun pamit ngaras pada //
4. // Kekalih mangaras pada / wus mijil ngarsa sang yogi / tan kundur maring Bintara / pan lajeng harsa nenepi / hameres hingkang budi / Ki Hageng Séla tan kantun / lan Kyahi Wanasalam / sekawan Himan Sumantri / kadang tunggil lan guru Séh Malaya //
5. // Sekawan sampun lumampah / separanné hanut wuri / sang dipati natapraja / pan lajeng jajah negari / sagung kang para wali / pinintha pandonga nipun / pan sami tinepengan / angrebat-rebat sang puri / para wali sedaya hanjunjung donga //
6. // Kuneng Dipati Bintara / yata genti kang winarni / kocapa tenaya putra / Ki Anom hingkang wewangi / hinggal lajeng nglangkungi / lir ginégé hing hyang agung / selaminya tinilar / hing rama langkung prihatin / siyang dalu cegah mangan lawan néndra //
7. // Yén turu néng papah gedang / yén mangan pendhak grakasih / manjing dadi tapa nira / tinarima hing hyang widhi / Ki Nom ginanjar sekti / bisa wor lawan lelembut / pandhé néng ngawang-hawang / lan pandhé néng jro warih / pinét putra mring Hempu Hanjani Rama //
8. // Semana Supa tenaya / marak héyang lawan biti / hatakon sudarman nira / matur mring héyang dipati / dhuh héyang dhateng pundi / sun rama lami tan mantuk / harsa nusul kawula / kang heyang lon mituturi / putu haja nusul mongsa katemuha //

9. // Rama nira lagi lunga / dhedhérék mring Sunan Kali / mélu hangideri jagat /mring ratu wali sinekti / paranné nora pesti / rina wengi hapan nglangut / lunganné tan pepoyan / yén teka nora wewarti / hingkang wayah kéndel dénnira karuna //
10. // Kasaru wahu praptanya / dutané sri narapati / Ki Tumenggung Supadriya / wus katur marang dipati / nulya katuran linggih / Ki Tumenggung sampun lungguh / haglis sinamunana / haturé nuwun dutaji / sigra matur Ki Tumenggung Supadriya //

Hal 10

1. // Sang dipati lampah kula / ingutus sri narapati / kinén nimbali Ki Supa / kinerik panambut kardi / sagung hempu rat jawi / kinerik mring majalangu / sami kinén hakarya / dhuwung siji hingkang name / dhapur sasra gih déréng wonten kaduga //
2. // Mangsuli Dipati Tuban / sumaonggaa hasta kekalih / hanak dika Kyai Supa / lagi késah ngiring-hiring / dhateng hing Sunan Kali / wus lami tan wonten mantuk / punika putu dika / Supa Nom mentas hanangis / takon bapa harsa nusul kula pegak //
3. // Nulya mudhun Supadriya / putuné kang dén paranni / Supa putra pan hingemban / binopong ginawa haglis / hangucap Supa siwi / sinten ta héyang ta puniku / néném
4. // Ki Supa tenaya bungah / wineruhaken mring kaki / lir wus panggih lan ramanta / Supa putra sukéng galih / yata nyipeng sawengi / Supadriya Ki Tumenggung / hénjing ngira pamittan / marang dipati hing tubin / Supa putra kelayu mring kakékkira //
5. // Tumut dhateng majalengka / hing lampah mring hibu nangis / meksa tan kena pinalang / mapan mangkat handhingini / hangling sang

hadipati / marang putra sang dyah hayu / lah nini tututana / putra nira handingini / Supadriya lampahhé hanéng wuntat //

PANGKUR

1. // Ki Tumenggung nitih kuda / hingkang wayah boncéng hanéng wingking / langkung bingah Ki Tumenggung / darbé putu lanang / hibu putri dhasar hayu warna nipun / kang putra semu sudira / sakarsané dén tu … [tidak terbaca] //
2. // Hing marga datan winarna / sampun lepas lampahé kang lumaris / wus prapta hing majalangu / lajeng lumebéng pura Ki Tumenggung / sapun sowan ngarsa prabu / Supadriya hatur sembah / dipati hatur hu ….. [tidak terbaca] //
3. // Hatur tiwas lampah kula / hanimbali pun Supa datan kepanggih / késah tumut guru nipun / Jeng Sunan Kalijaga / tan kantennan purukking Kangjeng Nujum / punika suténging Supa / Supanom hingkang wewangi //
4. // Mila laré kula bekta / hulun suprih Supa hinggal prapti / suka galihhé sang prabu / ya terima hatur rira / sri naréndra ngandika mring Supa sunu / héh bayi cilik ta sira / hapa bisa pandé wesi //
5. // Yén wus bisa pandhé sira / hingsun mundhut karyamu keris sawiji / hingkang haran dhapur séwu / yén bi ….. [tidak terbaca] nira / pesthi sira hagedhé ganjaran nipun / sun karya wedana sira / ngeréh nagri Majapait //
6. //Ki Anom matur wot sekar / déréng waget kawula pandhé wesi / yén wonten karsa sang prabu / sagah déréng kentasnan / datan sélak nglampahi karsa sang prabu / nging wonten panuwun kula / sagunging gerangan wesi //

Hal 11

1. // Saliré tosan rujat tan kaparingna / wonten tepi pasisir / pasisir lér prenah hipun / kang magut hasegara / hingkang celak kelawan besalén hulun / hingkang wonten jro samudra / pilih jalma kang ngudanni //
2. // Sang nata gawok miharsi / mring hature ki laré Ki Supasiwi / tan montra laré turripun / sang nata nulya ngandika / .... [putus] / ki bayi hingsun turuti //
3. // Panuwunmu Supaputra / hapan hiya sagung gerangan wesi / kabéh bocah para hempu / padha hangaturena / mring Ki Henom hangambila wesi hagung / gung wesi hing majalengka / kang gerang pundhutten wesi //
4. // Ngaturena marang Tuban / ya panggutna marang tepi jaladri / lan wong sikep majalangu / ya padha konnen gawa / ngaturrena gerangan wesi sedarum / kang kinén sareng tur sembah / nulya mijjil saking puri //
5. // Sapraptané pagelaran / sagung hempu panggih lan rowang néki / lawan sikep majalangu / kang kinén bekta tosan / wus samekta nulya budhal ki tumenggung / hangiring mring Supamudha / hangalér dhateng pasisir //
6. // Kuneng gantya kawuwussa / Kyai Supa késahé sampun lami / nama Pangran Sendhang wahu / kelawan hingkang garwa / Pangran Sendhang mangkya hénget yén hingutus / mring Jeng Sunan Kalijaga / hangupaya pusaka ji //
7. // Lawan hénget garwa putra / kang tinilar néng negari Tubin / Pangéran halon hamuwus / sun tuwi marang tuban / hingsun tilar putra halit duk rumuhun / kawula harsa mantuka / tutuwi mring bocah siwi //
8. // Yun huning hapa gesang wa / putra nira kang kari hanéng tubin / kang garwa dangu tan muwus / kekembeng waspa medal / sang kusuma

lagya pasihé kelangkung / sampun hanggarbini tuwa / sapta wulan hamarengi //

9. // Langkung hawrat yén tinilar / marang rabi hatampah langkung hajrih / pangran weruh semon nipun / yén garwa pepasihan / jeng pangéran tan liyan kacipta kalbu / mung dhuwung Kyai Sengkelat / kang siningitken néng kali //

10. // Pangran ngimur hing garwa / néng papremman hamrih lejar ring hati / segara lir madu juruh / dhuh gusti pujanning wang / hingkang hasih setya tuhu marang kakung / hing donya tekéng delahhan / tan nedya pisah mring rabi //

11. // Tan béda lawan pun kakang / ya mung sira garwa dun donya ngakir / hakathah memanis sipun / lir kombang ngisep sekar / kagunturan sereng gya luntur dyah hayu / sakarta datan lenggana / tangéh rengganning ngaresmi //

12. // Sinamun sami karasa / sampun weléh cipekak kang gén sih / pangran hangling manis harum / dhuh nimas sun wewekas / hingsun tilar lamun hambabar putramu / yén lanang hasung haran / Jaka Sura wekas mami //

13. // Yén wadon sakarsa nira / nimas hayu holéh hira mastani / lan hiki tetilar ringsun / calon keris kalih dasa / gung sawabbé rawatana dén habrukut / sun buntel hupih sadaya / wus padha hingsun taléni //

Hal 12

1. // Wus telas dénya wewekas / Pangran sendhang pamit hangaras rabi / tinimbul suku dyah hayu / kang garwa ngaras pada / pangran mijil rangu-rangu lampah hipun / kang kari hangungak-hungak / hanyawang hingkang lumaris //

2. // Lestari pangran lampahnya / Pangran Sendhang tan mawi rowang siji / sesingidan lampah hipun / ngidul mring belambangan / hangampiri rerawattira kang dhuwung / pupundén Kyai Sangkelat / kang siningittaken kali //
3. // Wus hingambil Ki Sangkelat / saking toya nulya binuntel hupih / kinalungaken hing gulu / pangran sigra lumampah / murang marga jujur gunung néng wana gung / katiwang-tiwang lampahnya / pringgabaya tan kahéksi //
4. // Rina wengi gya lumampah / ngalor ngulon hingkang sinedya ngati / yata kuneng kang lumaku / kocapa Supaputra / néng samodra pandhé tengah hing ranu / myang hempu hing majalengka / hapandhé pinggir pasisir //
5. // Kang pandhé sajroning toya / Supamudha sagung wesi binesmi / wesi gerangan lir gunung / hanéng pinggir samodra / kang binasmi hanéng sajroning ngaranu / lebur hawu gung kang tosan / Tanana kang dadi keris //
6. // Wesi gerangan sak harga / dhinatengken marang negri tubin / binesmi sajroning ngranu / lebur ngawu sadaya / datan dadi pakaryan nira kang dhuwung / miwah hempu kang néng darat / karya duwung datan dadi //
7. // Kawarnaha Kangjeng Sunan / Kalijaga kang serama pulo upih / mirsa lamun putran nipun / kabutuh sangguppira / karya dhuwung dhapur sasra hing sang prabu / gung wesi binesmi telas / datan dadi keris siji //
8. // Jeng Sunan welas tumingal / mring kang putra déné laré pinardi / kerigan kabutuh nglaku / tumulya pinaranan / kadya kilat Kangjeng Sunan lampah hipun / sakedhap prapta hing tuban / jujug tepining jaladri //
9. // Hing prenahé Supaputra / Kangjeng Sunan kéndel hanampar warih / langkung panas hingkang banyu / tumulya Supaputra / génya pandhé geraran hububan nipun / paparon dengkul kéwala / hasupit dariji kéri //

10. // Hasta kanan pukullira / gunging wesi pinukul sirna henting / Jeng Sunan sareng dulu / kang putra tinimbalan / héh Ki Henom mentasa saking banyu / sun harsa panggih lan sira / kagyat Supaputra mijil //
11. // Mentas saking jro samodra / ngaras pada rinangkul mring sang yogi / tumulya kinén halungguh / sang wiku hangandika / pamulané sira pandhé hanéng banyu / Supamudha tur sembah / mongsa boronga sang yogi //
12. // Sadéréng matur kawula / sang pukulun sampun ngudanénni / nabda malih sanga wiku / ya bener kaki sira hiku hapan kabutuh hing sanggup / nanggup pikarya naléndra / dudu treppé wong kinardi //
13. // Nambut karya ning tana / wetaranen haja keparéng ngarsi / hingsun pan paring pitutur / pan dadi sanggup pira / bokmanawa hana marmané hyang agung / narimaha titah hing hyang / haja suka hawya sepi //

Hal 13

1. // Hingsun kaki hora nyana / lamun sira bisa pandhé jro warih / lah maraga nékna hingsun / dhuwung sajro samodra / hiki wesi teka kodrat mung saklungsu / Supaputra matur nembah / hanyadhong nampénni wesi //
2. // Supamudha matur nembah / déné kedhik punapa dados keris / déné binuka sagunung / tosanning majalengka / boten wonten satunggil kang dados dhuwung / Jeng Sunan malih ngandika / hiku pada lawan wukir //
3. // Wesi saklungsu nut sabda / munggwéng hasta hageng mundhak sakwukir / Supaputra kagyat jumbul / hasta kawrattan tosan sinéléhken malih / wewah hageng ngipun / pan kadi prawatasuta / mitenggengen Supasiwi //
4. // Kawarnaha kang lumampah / Pangran Sendhang mantuk dhateng hing tubin / néng marga miharsa tutur / pra hempu majalengka / nambut

kardi pasisir lér prenah hipun / tumulya Pangéran Sendhang / lampahé hurut pasisir //

5. // Glis prapta hing prenah hira / dénya pandhé hempu hing majapait / pangéran hawas handulu / mring raka Kangjeng Sunan / nulya lajeng munggwéng ngarsané wot santun / wus tumaméng ngarsa pada / rinangkul kang dén halinggih //

6. // Jeng Sunan halon ngandika / déné lawas sira hapa tuk kardi / Pangéran Sendhang lon matur / matur solah dinuta / hapan sarwi ngaturaken pundhen nipun / Ki Sangkelat wus tinampan / marang Kangjeng Sunan Kali //

7. // Kangjeng Sunan malih nabda / tutukena hatur rira sayekti / pangéran nembah humatur / ngaturken lampah hira / saking purwa hing madya wekasan nipun / Jeng Sunan malih ngandika / ki jebéng pan hantuk rabi //

8. // Pangéran nuwun tur rira / hinggih darmi kawula nglampahi / saking barkatting jeng rasul / Kangjeng Sunan ngandika / maring Ki Nom pan sarwi hangsal dhuwung / ya hiki karyannen héla / geng halite hingkang keris //

9. // Ki Hanom dangu tan ngucap / pan kéwedan déné hageng kang wesi / pan hageng mundhak sagunung / Jeng Sunan sung wikan / mring Ki Supa jebéng hapa sira pandung / hiya mring atmaja nira / Ki Nom wus diwasa mangkin //

10. // Ki Nom hiku raman nira / lagi prapta marengi sira panggih / kang sinung sih kalih hipun / kagyat sareng rangkulan / hingkang putra ngabekti mring raman nipun / rama ngaras bun-bun nira / bungah lir manggih retna di //

11. // Tutug génya rerangkulan / Pangran Sendhang dahat honing hing siwi / hangandika sanga wiku / lah kana Supamudha / nuli wesi saklungsu karyannen dhuwung / Ki Hanom matur nembah / ponang wesi halit malih //

12. // Matur sabdané Jeng Sunan / ponang wesi wangsul saklungsu malih / tumulya hing ngambil gupuh / marang Ki Supamudha / sarta nembah malbéng sajroning ngeranu / pandhé hanéng jro samodra / tan dangu wesi dadya keris //
13. // Nulya mentas Supaputra / dhuwung katur maring Kangjeng Sunan Kali / tinampan nulya hing ngukur / tinandhing lan Sangkelat / sami gengé sami cacahhé luk hipun / nanging kantun mawi naga / prenah munggwéng hagegandhik //

Hal 14

1. // ……. [tidak terbaca] / keris siji dhapuré sun haranni / naga sasra dhapuripun / haran sagara wédang / ya mulané nagasasra dhapuripun / déné bisa sanggup karya / dhapur séwu keris sawiji //
2. // Sawiji kang ponang naga / ya dhapuré séwu kang ponang keris / segara wédang puniku / déné hantukka karya / jro sagara hapanas rasanning banyu / patut kagemming naléndra / haturna marang sangaji //
3. // Kris tinampan supa muda / kangjeng sunan ngandika mring kang rayi / nyahi ki jebéng kang dhuwung / pundhén nira sangkelat / Pangran Sendhang matur nuwun hatur ripun / hulun hajrih yén nganggéya / menawi hijol ping kalih //
4. // Kapok kang wus kalampahhan / lawan malih sabda tuwan hing nguni / sangkelat hagemming ratu / kula supa hakarsa / panduka kang sampun jumeneng ratu / melayanni nusajawa / jeng sunan ngandika haris //
5. // Wus sun trima jebéng sira / bener sira hamélu duwé waris / kang duwé warissing ratu / hiya kang pancer lanang / lah huwis sira sébaha sang prabu / nulya kundur kangjeng sunan / kinedhepken tan kahéksi //

6. // Pangéran Sendhang tumulya / panggih lawan hempu hanyambut kardi / pasisir pepak pra hempu / Tumenggung Supadriya / linthang suka kepanggih lan putra nipun / tanapi dhateng kang wayah / Ki Hanom kang nyambut kardi //
7. // Hanéng sajroning samodra / dhuwung dhapur sasra pan sampun dadi / wus winartan para hempu / sami lega tyassira / samya bubar mantuk dhateng majalangu / hing marga datan winarna / lir samber dhandhang gendhis //

DHANDHANG GULA

1. // Sampun prapta nagri Majapait / para hempu wus katur sang nata / nulya tinimbalan kabéh / mring sajroning kedhatun / sri naréndra sedeng tinangkil / pepak kang wadya bala / paglaran supenuh / sagung kang para punggawa / pra senthana bopati panéwu mantra / ju séwah meladan //
2. // Sri naléndra lenggah bangsal rukmi / hanimbali hempu sadaya / wus munggwéng ngarsa sang katong / ….. [tidak terbaca] lomba tumenggung / Supadriya lan Supasiwi / catur lan Pangran Sendhang / hingkang munggéng ngayun / humatur Ki Supadriya / ngaturaken polahé Ki Supasiwi / purwa prapténg wekasan //
3. // Lan ngaturaken dhatengnya kang siwi / Supa hingkang nama Pangran Sendhang / sampun katur sedhayané / ngungun sang prabu / myarsa hatur Ki Supasiwi / déné langkung prawira / bapa nak pinunjul / nulya dhuwung nagasasra / sampun katur mring ngarsané sri bopati / tansah winawang-sawang //
4. // Lintang trustha sang nata hing galih / haningali dhuwung nagasasra / sang nata halon ngandikané / marang Ki Supasunu / nagasasra sampun

wewangi / Ki Nom matur hanembah / nenggih wasta nipun / Jeng Kyai Segarawédang / déné hasal dadya saking jroning warih / tirta benter kalinthang //

Hal 15

1. // Sri naléndra hangandika haris / hingsun hiya ngidénni tur rira / jejuluk saking purwané / kiya prayogan ningsun / nagasasra ginanjar becik / tinratas pamas retna / sapa hingkang sanggup / Supadriya matur nembah / habdi dalem Ki Supa hingkang kadugi / yén wonten karséng nata //
2. // Hangandika malih sri bopati / mring Ki Supa ya Ki Sendhang sira / sun patah nrasah hagé / garapen jro kedatun / tampanana pusaka mami / nembah Pangéran Sendhang / nampanni kang dhuwung / pusaka segara wédang / lawan retna kumala mérah di luwih / dinar kelawan dirham //
3. // Dhawuh dalem Kangjeng Sri Bopati / Hempu Lombang sira mupakatna / Ki Nom sun junjung lungguhe / hing Tuban kang lelungguh / hanggenténni héyang lami / tumenggung haran nira / déné Supa sepuh / teteppa Pangéran Sendhang / hingsun karya mardika / Pangran Dipatih / Siyung Lahut Blambangan //
4. // Lawan hingsun narsa ya pepatih / Si Dipati Wahan negara Daha / hingsun karya patih hing ngong / dé[né] tita tan mantuk / Si Permada buh mati buh hurip / dhingin ya hingsun duta / ngupaya pu luhung / kang sanggup karya curiga / dhapur sasra wujuddé dhuwung sawiji / tanoléh sin muliya //
5. // Hempu Lombang ngastuti wus mijil / mring paglaran dhawuhken timbalan / mupakaten pepatihé / hing Daha kya tumenggung / karsa nata kinarya patih / lawan Ki Supaputra / hingaran tumenggung /

gumantya héyang hing Tuban / lan Ki Supa tetep Pangran Sendhang lami / mardika nagri Tuban //

6. // Wus misuwur sadaya kang nangkil / yén pepatih sampun sinalinan / patih hing Daha gentiné / Hempu Lombang wus wangsul / malbéng pura matur sang ngaji / wus katur lampah hira / ngandika sang prabu / marang kang Tumenggung Tuban / sira Ki Nom muliha mring Tuban haglis / kang séwaka samya bubar //

7. // Sami nembah kang wus sami mijil / prapténg jawi kang séba wus bubar / kya patih liru dalemmé / tumenggung nom winuwus / sampun panggih lan wadya tubin / pan laju bebudhallan / saking pondhokkipun / mantuk dhateng nagri tuban / hingkang rama kantun ning jronning puri / nglampah karsa nata //

8. // Henengena sagung w[b]ala mukmin / pan kasusun hing pandonga nira / hunggula bénjing yudané / seraman lampah hipun / ngilén leres mring pulo hupih / sowan mring kangjeng sunan / wus prapta kepangguh / lan Jeng Sunan Kalijaga / sang dipati ngaras pada sang yogi / sekawan gantya nembah //

9. // Henengena kang hanéng jro puri / kawususa Dipata Bintara / ki hageng serowangé / kang lagya gentur laku / wong sekawan tan kena kéri / Kiyai Wanasalam saparan tut pungkur / Iman Sumantri kanthinya / separané rina wengi gya lumaris / hanepi guwa sonya //

10. // Sampun tata hanulya halinggih / Jeng Sunan halon ngandika / jebéng bagéya praptané / kang rayi nembah nuwun / Kangjeng Sunan ngandika malih / dhuh jebéng hana karya / panggih lawan hisun / matur nembah sang dipatya / sadéréngé hulun matur sang mayekti / pan sampun kahuningan //

Hal 16

1. // Lawan nabda Kangjeng Sunan Kali / yaw us weruh jebéng karsa nira / harsa hanggenti warissé / hapan méh mongsan nipun / laolatul khaddar méh ngalih / pan durung tiba sira / ya meksih gumantung / gumantung gumantung hing kodrattollah / hingsun jebéng pan duwé pusaka siji / gadhuhen yén kerasan //
2. // Yén wus krasan lawasé sawarsi / héstu sira kang madek naléndra / sangkelat lamun tan moléh / hing ngerat jawa kawengku / marang sira tulus winaris / ya jebéng tampanana / hiki dhapur dhuwung / matur nuwun sang dipatya / nyembah nyadhong nampanni sangkelat kang keris / pusaka naradipa //
3. // Sang dipati wus pasrah kang keris / lir katriman wanodya yu héndah / lintang trustha hing jro tyassé / hangling malih sang wiku / lah ta huwis padha dum kardi / jebéng sira lajuwa / mring palémbang gupuh / mintaha sira gegaman / mring ramanta palémbang sang ngadipati / katrima istijratnya //
4. // Lampah hira mring carbon negari / hamintaha saratting ngayuda / Sunan Cerbon kéh gunané / kahawot santun / sang dipati pamit ngebekti / satur mangaras pada / mijil kapat sampun / lestari lampah hira / kawuwusa jeng sunan héngetting galih / yén gadhah persanakan //
5. // Hing Bagelen namané kaang jalmi / Cakrajaya dérés karya nira / désa Nrondétan dhukuhhé / tan wonten rowang ngipun / mung kang héstri hanak sawiji / lanang tur meksih bocah / meskiné kalangkung / hawisma pinggiring wana / pakaryané handérés klapa sak huwit / matengé pendhak pasar //
6. // Datan hana pakaryanya malih / hamung dérés setangkep sepasar / tan mawan-mawan liyané nrima mangan tan minum / yén wus dérés nembah sawengi / kongsi prapta rahina / peparikan nipun lamun hiya lawan hora / suprandéné hawaké ketel haklimis / labetté wong narima //
7. // Wanci donga mring Jeng Sunan Kali / nuju nembah winuruk parikkan / kalimah ro parikkanné / Cakrajaya mituhu / haparikan kalimah kalih /

hénjing manitis gula / dadi mas sedarum / patang tangkep kathah hira / Cakrajaya hanjumbul hatakon ngélmi / hanuli puruhita //

8. // Hanggeguru mring Jeng Sunan Kali / Cakrajaya pinuduh sejanya / kinén mngkurep tapané / laminé wus setahun / Kangjeng Sunan nulya nilikki / dhateng samadya wana / prapta prenah hipun / génya tapa Cakrajaya / katuwuh galagah lawan ribandhil / tumulya binabattan //
9. // Marang murit kang samya humoring / mring jeng sunan dhumateng kang tapa / kinén besmi babatanné / kocap babatan sampun / kang gelagah wus sirna henting / telas pinangan brama / kang tapa kapangguh / sandhangané kobar sadaya / Cakrajaya mengkurep gigir kenéngpi / Kangjeng Sunan ngandika //
10. // Cakrajaya tangiya sun prapti / hapa lali mring suwaraning wang / nganti geseng hing gigiré / Cakrajaya gya wungu / ngaras pada sarwi nangis / ngandika Kangjeng Sunan / jebéng trima hingsun / lan sun halih harannira / Pangran Geseng sira geseng kenéng geni / tan howah hidheppira //

Hal 17

1. // Hawismaha hing Lohwanu becik / déné hanakkira kaki jaka / nunggak semi haranné / Cakrajaya pan patut / huwis jebéng muliha haglis / dén mantep hing hagama / yén jumuwah wektu / salata Mesjid Demak / sasat sira maring Mekah munggah kaji / pangéran tan lenggana //
2. // Kangjeng Sunan lajeng lumaris / Pangran Geseng mantuk marang wisma / panggih lan hanak rabiné / Jaka Budhuk sunu / gya ngabekti maring sudarma / garwa hasru karuna / tannya kepangguh / Pangéran Geseng lon sabdanya / lah méndella Rubiyah / mengko sun warti / hingsun mentas hatapa //

3. // hanglakoni préntah jeng gusti / waliyolah Sunan Kalijaga / Pulo Hupih negarané / mahu pangguh lan hingsun / hingsun kinén luwar martapa / lan kinén ngalih wisma / hing désa Luhwanu / lan hingsun ….. [tidak terbaca] na ring nama / Pangran Geseng déné nama nipun mali / pinaringken putranya //
4. // Jaka Budhuk sira sun haranni / Cakrajaya haran nira / kang putra nembah tan mangké / pangéran malih muwus / gula hemas pendhemen nuli / sasaban hing séla / brahala ya hiku / lawan sira beng….. [tidak terbaca] ngethakka / hingsun luwé setahun hora habukti / mengko padha riyaya //
5. // Wusnya mojar pangéran mring kali / bekta pancing harsa ngambil hulam / hangulon mring kali gedhé / prapta hing lépén sampun / sesingidan dénnira mincing / nalesep hamping wreksa / yata putra nipun / ki jaka nusul mring rama / maring kali hangi …. [tidak terbaca] semunya / hajrih / ménék hampingan hepang //
6. // Hingkang rama wahu duk ningali / kagét mojar kaya kethék sira / ngintip wong sarwi meménék / mandi sabda sang wiku / Jaka Budhuk hamalih warni / rupa kethék bangkokan / bedhés haran nipun / déné taksih mawi nyandhang / lawan taksih waged ngucap tata jalmi / hanangis sambat rama //
7. // Pangran Geseng kéndel génnya hangling / nulya mantuk kang putra tut wuntat / prapténg wisma ngandika lon / wus menenga nak hingsun / narimaha lamun pinasthi / sira hanak pandhita / salah rupa hiku / ….. [tidak terbaca] sira tan mélu tapa / karsaning hyang sira kang dén rangun téki / tunggunen gula hemas //
8. // Lan dréssen kelapa saka hewit / haja mangan yén tan dadi hemas / rupamu prihen mulyané / sira sun wéhi juluk / Nilasraba hiku prayoga / turuten hujar ring wang / kang putra wot santun / dhuh rama hulun sandika / saking karsa nira sang hamaha yekti / mugi nunten luwara //

9. // Hingkang garwa nangisi mring siwi / welas mulat pangéran ngandika / wis nyai haja ngaroncé / lah yo mangkat gupuh / mring Luhwanu dhukuh hing gusti / lah huwis kaki sira / kériya nak hingsun lan sira babata wana / tandurana kang hénak pinangan jalmi / suta matur sandika //
10. // Nulya mangkat pangéran sarimbit / lampah hira tan winarna marga / sampun prapta hing lampahhé / pangran nulya dhudhukuh / hing Lowanu punapané resik / laminé tan winarna / dénnira dhudhukuh / kathah wong tumut hagriya / gemah ripah hing Luhwanu kadya nagri / singa mara kasma .. … [tidak terbaca] //

Hal 18

KASMARAN // BABAT TEMBAYAT

1. // Yata genti kang winarni / Ki Gedhé hing Pandhannaran / dadya pambéya karyané kathah sanak putu nira / sugih donya bétondha / handrebala donya nipun / wong dagang hutang sadaya //
2. // Lumuh kurang nyandang bukti / datan purun hanganggurra / tur rosa panggahotanné / sadina-dina lumampah / donyané rajabrana / sebarang murah tinuku / yén larang karya dagangan //
3. // Tan montra wong sampun mukti / saben dina marang pasar / borongi wudhon karyané / kawarnaha Kangjeng Sunan / Kalijaga wus wikan / yén bade wali satuhu / ngélmuné déréng binuka //
